

# NHARIYOMURINDI

YOKUZIVISA UMAMBO HWAJEHOVHA



Zvaungaita Kuti  
Ubatsirwe neBhaibheri



## UNOFUNGEI?

Unofunga kuti Bhaibheri richiri kushanda here mazuva ano? Bhaibheri pacharo rinoti: *“Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari uye runobatsira.”*—2 Timoti 3:16, 17.

Magazini ino inoratidza kuti Bhaibheri rinogona kutibatsira pazvinhu zvipi uye kuti ungaita sei kuti zvaunoverenga muBhaibheri zvikubatsire.

## ZVAUNGAITA KUTI UBATSIRWE NEKUVERENGA BHAIBHERI

- 3 Kuverenga Bhaibheri Kwakanakirei?
- 4 Ndingaita Sei Kuti Nditange?
- 5 Ungaita Kuti Unakidzwe Nekuriverenga?
- 6 Bhaibheri Ringandibatsira Sei Muupenyu?

## DZIMWEWO NYAYA

### 8 BHAIBHERI RINOSHINJA UPENYU

Ndakanga Ndisingadi Kufa!

### 10 TEVEDZERA KUTENDA KWAVO | INOKI

“Akanga Anyatsofadza Mwari”


### 14 ZVAKAKOSHEREI KUTI UZIVE CHOKWADI?

### 16 BHAIBHERI RINOTII?



Ungada kuziva zvimwe here kana kuti kudzidza Bhaibheri usingabhadhari uri pamba pako?

Enda pa [www.jw.org](http://www.jw.org) kana kuti tumira chikumbiro chako kune imwe yekero dziri pasi apa



### Bhaibheri Rinozvikipisa Here?

(Enda pakanzi ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI > MIBVUNZO YEBHAIBHERI INOPINDURWA)

**NHARIREYOMURINDI**  
YOKUZIVISA UMAMBO HWAJEHOVHA

Vol. 138, No. 1 2017

SHONA

Akaprindwa Ari: 61 651 000  
MUMITAURO 294

Magazini ino haitengeswi. Ndeimwe yemabhuku anoshandiswa pabasa rokudzidzisa Bhaibheri munyika yose uye basa iri rinotsigirwa nezvipo.

Magwaro anobva muShanduro yeNyika Itsva yeMagwaro Matsvene, kunze kwokunge pataurwa kuti pane pamwe paatorwa.

MAGAZINI INO yeNharireyomurindi, inorumbidza Jehovha Mwari, Mutongi wezvinhu zvose. Inonyaradza vanhu nemashoko akanaka okuti Umambo hwaMwari huri kudenga, hwaiva pedyo nokugumisa uipi hwose, hwochinja pasi rino kuti rive paradhiso. Inokurudzira vanhu kuti vatende muna Jesu Kristu, uyo akatifira kuti tikwanise kuwana upenyu husingaperi uye uyo ari kutonga iye zvino saMambo weUmambo hwaMwari. Magazini ino yagara ichibudiswa kubvira muna 1879 uye haisi yezvematongerwo enyika. Zvainotaura zvose zvinobva muBhaibheri.

*The Watchtower* (ISSN 0043-1087) Issue 1 January 2017 is published monthly with an additional issue published in January, March, May, July, September, and November by Watchtower Bible and Tract Society of New York, Inc.; L. Weaver, Jr., President; G. F. Simonis, Secretary-Treasurer; 1000 Red Mills Road, Walkkill, NY 12589-3299, and printed by Watch Tower Bible and Tract Society of South Africa NPC, 1 Robert Broom Drive East, Rangeview, Krugersdorp, 1739. © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania. Printed in South Africa.



## NYAYA IRI PAKAVHA

# Kuverenga Bhaibheri Kwakanakirei?

“Ndaifunga kuti Bhaibheri rakaoma kunzwisisa.”—Jovy

“Ndaifunga kuti harinakidzi.”—Queenie

“Pandaiona kukura kwaro, ndaibva ndashaya chido chekuriverenga.”—Ezekiel

Wakamboda kuverenga Bhaibheri here asi uchibva warega nemhaka yezvikonzero zvataurwa pamusoro apa? Vakawanda vanoona sekuti kuverenga Bhaibheri kwakaoma. Asi ko kana ukaziva kuti kuriverenga kunogona kukubatsira kuti ufare uye worarama upenyu hune chinangwa? Ko kana ukaziva kuti pane zvimwe zvaunogona kuita kuti kuverenga kwacho kunakidze? Ungada here kumboriedza?

Verenga unzwe zvataurwa nevamwe vakaona kubatsira kunoita Bhaibheri.

Ezekiel, ane makore ekuma20 anoti: “Kare ndaita semunhu aingotyaira mota asi asingazivi kwaari kuenda. Asi kuverenga Bhaibheri kwandibatsira kuti ndirarame upenyu hune chinangwa. Rine mazano anobatsira andinogona kushandisa muupenyu.”

Frieda, ane makore ekuma20, uye anoti: “Ndaidziya musoro. Asi kuverenga Bhaibheri kwandibatsira kuti ndizvidzore. Izvi zvakaitha kuti ndikwanise

kuwirirana nevamwe uye ndava neshamwari dzakanakira.”

Mumwe mukadzi ane makore ekuma50 anonzi Eunice anoti nezveBhaibheri, “Riri kundibatsira ku-siya unhu hwakaipa hwandaiva nahwo, kuti ndive munhu akanaka.”

Kuverenga Bhaibheri kunogona kukubatsira kuti ufare muupenyu sezviri kuita mamiriyoni evanhu, kusanganisira vataurwa pamusoro apa. (Isaya 48:17, 18) Richakubatsira pazvinhu izvi: (1) kugona kuserudza zvekuita, (2) kuva neshamwari dzakanakira, (3) kuderedza kuzvidya mwoyo, uye chinonyanya kukosha (4) kuziva chokwadi pamusoro paMwari. Mazano ari muBhaibheri anobva kuna Mwari, saka ukaashandisa zvinhu zvichakufambira zvakanakira. Mwari haapi vanhu mazano asingashandi.

Chinokosha ndechokuti utange kuriverenga. Zvii zvaungaita kuti utange uye kuti uwedzere kunakira dzwa nekuriverenga?

# Ndingaita Sei Kuti Nditange?

Ungaita sei kuti unakidzwe uye unyatsobatsirwa nekuverenga Bhaibheri? Verenga unzwe zvinhu 5 zvakabatsira vakawanda.

**Nzvimbo yauchaverenga.** Tsvaga nzvimbo yakanyarara. Ita kuti pasava nezvinhu zvinokuvhiririgidza. Verengera pane chiedza chakakwana uye panofefetera mhopo. Izvi zvichaita kuti unyatsonzwisisa zvaunoverenga.

**Iva munhu anoda kudzidza.** Sezvo Bhaibheri richibva kuna Baba vedu vekudenga, kana ukaita sezvinoita mwana anoda kudzidziswa nemubereki wake, uchabatsirwa nezvaunoverenga. Kana uine ma-

mwe mafungiro asina kunaka nezveBhaibheri, edza kuabvisa woita kuti Mwari akudzidzise.—Pisarema 25:4.

**Nyengetera usati watanga kuverenga.** Bhaibheri rine pfungwa dzaMwari, saka tinotoda kubatsirwa naye kuti tirinzwisise. Mwari anovimbisa kuti achapa mweya mutsvene kune vaya vanomukumbira. (Ruka 11:13) Mweya mutsvene unogona kukubatsira kunzwisisa mafungiro aMwari. Nekufamba kwenguva, uchakubatsira kunzwisisa “kunyanze zvinhu zvakadzama zvaMwari.”—1 VaKorinde 2:10.

**Verenga kuti unzwisise.** Usaverenga zvekuti unogopedza. Nyatsodzamisa pfungwa pane zvauro kuverenga. Zvibvunze kuti: ‘Munhu wandiri kuverenga nezvake ane unhu hwakaita sei? Zvandiri kuverenga izvi ndingazvishandisa sei muupenyu?’

**Iva nezvinangwa.** Kutu zvaunoverenga zviku-batsire, verenga nechinangwa chekuti udzidze chimwe chinhu. Unogona kuzviudza kuti: ‘Ndinoda kuziva zvakawanda pamusoro paMwari.’ ‘Ndinoda kuva munhu akanaka, murume akanaka kana kuti mudzimai akanaka.’ Zvadaro, chitsvaga zvikamu zveBhaibheri zvichakubatsira kuita izvozvo.\*

Mazano 5 ataurwa aya achakubatsira kuti utange kuverenga Bhaibheri. Asi zvii zvaungaita kuti kuverenga kwacho kuwedzere kunakidza? Nyaya inotevera inotaura zvaungaita.

\* Kana usinganyatsozivi kuti ndezvipi zvikamu zvacho zveBhaibheri zvinooterana nenyya dzaunoda, unogona kukumbira Zvapupu zvaJehova kuti zviku-batsire.

## ITA KUTI ZVAUNOVERENGA ZVIKUBATSIRE

- ▶ Usaverenga uchimhanya
- ▶ Dzamisa pfungwa pane zvaunoverenga, uye ita seuri kuona zviri kutaurwa
- ▶ Edza kuona kuti zviri kutaurwa zviri kubatana papi nenyya yacho yese
- ▶ Tsvaga zvidzidzo pane zvaunoverenga



## UKAZIVA VANHU VARI MUBHAIBHERI UCHAWEDZERA KURINZWISISA

### Vamwe vakadzi vakavimbika

<b>Abhigairi</b>	1 Samuero chitsauko 25
<b>Esteri</b>	Esteri chitsauko 2-5, 7-9
<b>Hana</b>	1 Samuero chitsauko 1-2
<b>Mariya</b>	(Amai vaJesu) Mateu chitsauko 1-2; Ruka chitsauko 1-2; verengawo Johani 2:1-12; Mabasa 1:12-14; 2:1-4
<b>Rakabhi</b>	Joshua chitsauko 2, 6; verengawo VaHebheru 11:30, 31; Jakobho 2:24-26
<b>Ribheka</b>	Genesisi chitsauko 24-27
<b>Sara</b>	Genesisi chitsauko 17-18, 20-21, 23; verengawo VaHebheru 11:11; 1 Petro 3:1-6

### Vamwe varume vaiita zvakanaka

<b>Abrahamu</b>	Genesisi chitsauko 11-24; verengawo 25:1-11
<b>Dhavhidhi</b>	1 Samuero chitsauko 16-30; 2 Samuero chitsauko 1-24; 1 Madzimambo chitsauko 1-2
<b>Jesu</b>	Evhangeri yaMateu, Mako, Ruka naJohani
<b>Mosesi</b>	Eksodho chitsauko 2-20, 24, 32-34; Numeri chitsauko 11-17, 20, 21, 27, 31; Dheuteronomio chitsauko 34
<b>Noa</b>	Genesisi chitsauko 5-9
<b>Pauro</b>	Mabasa chitsauko 7-9, 13-28
<b>Petro</b>	Mateu chitsauko 4, 10, 14, 16-17, 26; Mabasa chitsauko 1-5, 8-12

## Ungaitei Kuti Unakidzwe Nekuriverenga?

Kuverenga Bhaibheri kuchakunakidza here? Zvichenderana nemaverengero auchariita. Ngatitarise zvinhu zvingakubatsira kuti uwedzere kufarira kuverenga Bhaibheri.

**Shandisa Bhaibheri rinovimbwa naro uye riri nyore kuverenga.** Kana ukaverenga bhuku rine mashoko akawanda akaoma kunzwisisa kana kuti aishandiswa kare kare, kazhinji kacho haunakidzwi nekuriverenga. Saka tsvaga Bhaibheri riri nyore kunzwisisa, richabata mwoyo wako. Asiwo Bhaibheri racho rinofanira kunge richitaura chokwadi.\*

**Shandisa zvinhu zvezmazuva ano.** Mazuva ano

\* Vakawanda vanofarira *Shanduro yeNyika Itsva yeMagwaro Matsvene* nokuti yakarurama, inovimbwa nayo uye iri nyore kuverenga. Bhaibheri iri rakabudiswa neZvapupu zvaJehovha uye rinowanika mumitauro inopfura 130. Unogona kuridhaunirodha [pajw.org](http://pajw.org) kana kuti kudhaunirodha *JW Library app*. Kana uchida, Zvapupu zvaJehovha zvinogona kukuvigira kumba kwako.

Bhaibheri haringowaniki rakaita zvekuprindwa che-te. Wava kukwanisa kuriverengera paindaneti kana kuridhaunirodha woriverengera pamakombiyuta, *matablet* kana kuti mafoni. Mamwe maBhaibheri anoita kuti ukwanise kuona mamwe mavhesi anoenderana nenyaya yauri kuverenga kana kuti kuona zvinota-urwa nemamwe maBhaibheri. Panewo maBhaibheri akaita zvekurekodhwa kana uchifarira ekuteerera. Vanhu vakawanda vanofarira kuteerera pavanenge vari mukombi, vachiwacha kana kuti pavanenge vachiita mamwe mabasa anovabvumira kuteerera. Wadii kuedza zvaunoono zvinokuitira?

**Shandisa zvinhu zvinokubatsira pakudzidza Bhaibheri.** Kushandisa zvinhu izvi kuchaita kuti zvaunoverenga zvinyatsokubatsira. Pane mamepu anokuratidza nzvimbo dzinota-urwa muBhaibheri uye achaita kuti uwedzere kunzwisisa zvaunenge uchiverenga. Nyaya dzakaita sedziri mumagazini ino kana



## ZVINHU ZVAKABUDISWA NEZVAPUPU ZVAJEHOVHA

- ▶ **JW.ORG**—Website iyi ine zvinhu zvakananda zvinobatsira pakudzidza, kusanganisira chikamu chakanzi “Mibvunzo yeBhaibheri Inopindurwa.” Inewo mirayiridzo yekuti unodhaunirodha sei *JW Library app*
- ▶ **“Ona Nyika Yakanaka”**—Iri ibhuku rine mamepu nemapikicha enzvimbo dzinotaurwa muBhaibheri
- ▶ ***Insight on the Scriptures***—Aya mabhuku maviri anonyatsodzika-dzika neBhaibheri achitsanangura vanhu, nzvimbo uye mashoko anowanikwa muBhaibheri
- ▶ **“Rugwaro Rwose Rwakafuridzirwa naMwari Uye Runobetsera”**—Iri ibhuku rinotsanangura kuti bhuku rimwe nerimwe reBhaibheri rakanyorwa riini, kupi uye rakanyorerwei. Rinopawo pfupiso yezviri mubhuku rimwe nerimwe
- ▶ ***Bhaibheri—iShoko raMwari Here Kana Kuti Romunhu?***—Iri ibhuku rinonyatsoratidza kuti ndezvechokwadi kuti Bhaibheri rakafemerwa naMwari
- ▶ ***Bhaibheri—Rinombotaura Nezvei?***—Iri ibhuku rine mapeji 32 rinopa pfupiso yedingindira reBhaibheri

kuti dziri pa*website* inonzi [jw.org](http://jw.org), pachikamu chakanzi “Zvinodzidziswa neBhaibheri,” dzinogona kukubatsira kuti unzwisise zvinorehwa nemavhesi akawanda ari muBhaibheri.

**Chinja maverengero aunoriita.** Kana uchiona sekuti kuverenga Bhaibheri kubva kwarinotangira kwa-kaoma, wadii kutanga nechikamu chaunofarira kuti uve nechido chekuriverenga? Kana uchida kuziva nezvevanhu vanonyanya kuzivikanwa vanotaurwa muBhaibheri, unogona kuverenga mavhesi anotaura nezvevanhu ivavo. Pane nzira mbiri dzaunogona kushandisa dzakanyorwa mubhokisi rakanzi, “Ukaziva Vanhu Vari muBhaibheri Uchawedzera Kurinzwisisa.” Kana kuti unogona kuverenga Bhaibheri uchibata nyaya imwe panguva kana kuti kuverenga nyaya uchitevedza maitikiro ayo. Wadii kumboedza imwe yacho?

## Bhaibheri Ringandibatsira Sei Muupenyu?

Bhaibheri rakasiyana nemamwe mabhuku. Mazono arimo anobva kuMusiki wedu. (2 Timoti 3:16) Zvarinotaura zvinogona kutibatsira chaizvo. Bhaibheri pacharo rinoti: “Shoko raMwari ibenyu uye rine simba.” (VaHeberu 4:12) Rine simba rekuchinja upenyu hwedu munzira mbiri. Rinotitungamirira muupenyu mazuva ano uye rinotibatsira kuti tizive Mwari uye zvaanotivimbisa.—1 Timoti 4:8; Jakobho 4:8.

**Rinoshandura upenyu hwako iye zvino.** Bhaibheri rinogona kubatsira pazvinhu zvakadai seizvi



- ▶ Kugarisana nevamwe.  
—VaEfeso 4:31, 32; 5:22, 25, 28, 33.
- ▶ Utano.  
—Pisarema 37:8; Zvirevo 17:22.
- ▶ Kuzvibata.—1 VaKorinde 6:9, 10.
- ▶ Kushanda.—Zvirevo 10:4; 28:19;  
VaEfeso 4:28.\*

Mumwe murume nemudzimai vekuAsia vakate-nda chaizvo mazano avakawana muBhaibheri. Sezvinongoitika kuvanhu vanenge vachangoorana, zvainge zvakavaomera kuti vajairane uye vabudirane pachena pavaitaurirana. Asi vakabva vatanga kushandisa zvavaiverenga muBhaibheri. Zvakavabatsira here? Murume wacho, Vicent, anoti: “Zvandakaverenga muBhaibheri zvakandibatsira kuti ndigadzirise matambudziko emumba asi ndichizviita nerudo. Kuita zvinotaurwa neBhaibheri kuri kuita kuti mhuri yedu ifare.” Mudzimai wake, Annalou, anobvumiranawo nazvo achiti: “Kuverenga nezvevanhu vanotaurwa muBhaibheri kwakatibatsira. Iye zvino ndava kufara uye ndava kugutsikana nezvatinovavarira kuita muopenyu.”

**Kuziva Mwari.** Kunze kwekutaura nezvevanano yavo, Vicent anotiwo: “Kuverenga Bhaibheri kuri kuita kuti ndiwedzere kuva pedyo naJehovha kupfura zvazvaiva kare.” Zvakataurwa naVicent zvinoratidza kuti chinhu chinonyanya kukosha ndechekuti Bhaibheri rinobatsira pakuziva Mwari. Kunze kwekungobatsirwa nemazano anopiwa naMwari, kuve-

\* Kutu uone zvimwe zvinotaurwa neBhaibheri vhura [website](http://www.jw.org) yedu, [jw.org](http://www.jw.org). Tarisa pakanzu ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI > MIBVUNZO YE-BHAIBHERI INOPINDURWA.

renga Bhaibheri kuchaita kuti umuone seshamwari chaiyo. Uchaonawo kuti anotaura kuti upenyu huchange hwakanaka zvakadii mune ramangwana pachararama hunonzi “upenyu chaihwo” nekusingaperi. (1 Timoti 6:19) Zvechokwadi, hapana bhuku rakafanana neBhaibheri.

Kana ukatanga kuverenga Bhaibheri, woramba uchidaro, uchaona kuti upenyu hwako huchachinja uye uchaziva Mwari. Asi paunenge uchiriverenga, unogona kuva nemibvunzo yakawanda. Kana ukava nayo, yeuka zvakaitwa nemukuru mukuru wekuItiopiya akararama makore 2 000 apfuura. Aiva nemibvunzo yakawanda nezveBhaibheri. Paakabvunzwa kana ainzwisa zvaaverenga, akati: “Chokwadi, ndingadaro sei kana mumwe asingandirayiridzi?”\* Akabva abvuma nemwoyo wose kubatsirwa nemumwe wevadzidzi vaJesu ainzi Firipi, uyo ainyatsoziva Shoko raMwari. (Mabasa 8:30, 31, 34) Saka kana uchida kuziva zvakanwanda zvinotaurwa neBhaibheri, unogona kutumira chikumbiro chako paIndaneti pawww.jw.org kana kuti kukero iri pedyo newe pane dziri mumagazini ino. Unogona kutaura neZvapupu zvaJehovha zviri pedyo nekwaUri kana kuti kuenda paImba yoUmambo. Wadii kubva watotanga kuverenga Bhaibheri nhasi, woita kuti rikutungamirire muopenyu? ■

\* Verengawo nyaya yakanzi “Zvakakosherei Kuti Uzive Chokwadi?” iri mumagazini ino.

Kana usina chokwadi kuti ungavimba here neBhaibheri, ona vhidhiyo inonzi *Tingaziva Sei Kuti Bhaibheri Rinobva Kuna Mwari?* Unogona kuiwana kana ukashandisa *qr code* iri pano kana kuti ukagenda [pajw.org](http://pajw.org) pachikamu chakanzi MABHUKU NE-ZVIMWEWO > MAVHIDHIYO > BHAIBHERI





YAKATAURWA  
NAYVONNE QUARRIE

GORE ROKUBEREKWA  
1964

NYIKA  
ENGLAND

NHOROONDO YOUNYU  
AIVA NEMUSIKANZWA UYE AKAITA  
NHUMBU ACHIRI MUDIKI



# Ndakanga Ndisingadi Kufa!

## MARARAMIRO ANDAIITA

Ndakaberekerwa muguta rinogara vanhu vakawanda rino-nzi Paddington, riri kuLondon muEngland. Ndaigara naa-mai navanasisi vangu vatatu. Baba vangu vaiva chidhakwa saka vaimboita vachitisiya tega.

Pandaiva mudiki, amai vaindidzidzisa kunyengetera ma-neru ega ega. Ndaiva nekaBhaibheri kaingova nebhuku ra-Mapisarema, uye ndaigadzira chuni kuti ndikwanise kuimba mashoko acho. Ndinoyeuka ndichiverenga rimwewo bhuku raiva nemashoko akaramba ari mupfungwa dzangu ekuti: “Rimwe zuva tichafa.” Mashoko aya aindishayisa hope ndi-chifunga nezveramangwana. Ndakafunga kuti, ‘Upenyu hu-nofanira kuva nechinangwa. Chinangwa chekurarama nde-chei?’ Ndakanga ndisingadi kufa!

Ndakatanga kufarira zvemashiripiti. Ndaiedza kutaura nevakafa, taienda kumakuva neshamwari dzangu dzekuchi-koro, uye taiona mafirimu anotyisa. Zvaiita sezvinonakidza asiwo zvaityisa.

Pandakasvika makore 10, ndakatanga kunetsa. Ndakata-nga kusvuta fodya uye pasina nguva yakanga yandipinda muropa. Ndakazopedzisira ndava kusvuta mbanje. Ndava nemakore 11 ndakatanga kunwa doru. Raisandinakira asi ndaifarira zvandainzwa kana ndadhakwa. Ndaifarirawo zve-mimhanzi nekutamba. Pandaiwana mukana ndaienda ku-mapati nekuma*nightclub*. Ndaibuda usiku pasina ari kundio-na ndozodzoka kwava kunoedza vanhu vasati vamuka. Nda-imuka ndakaneta saka kakawanda kacho ndaitiza chikoro. Mazuva andaiswerawo kuchikoro, ndaiwanzonwa doru pa-nguva yataimirira kuti mumwe mudzidzisi auye.

Pandakapedza chikoro ndakafoira. Sezvo amai vakanga vasinganyatsoziva nezvemisikanzwa yangu vakarwadziwa. Takapopotedzana ndichibva ndatiza pamba. Ndakambono-gara nemukomana wangu aiva murasta anonzi Tony. Aii-ta zvechitsotsi, kutengesa *madrugs* uye aiva nembiri ye-kurwa nevanhu. Pasina nguva ndakabva ndabata pamuviri



ndikasununguka mwana mukomana ndiine makore 16.

## KUCHINJWA KWAKAITWA UPENYU HWANGU NEBHAIBHERI

Ndakaonana neZvapupu zvaJehovha kekutanga pandaigara padzimba dzinogarwa navanaamai vasina kuroorwa. Ndakanga ndapiwawo pekugara panzvimbo iyi. Pane vakadzi vaviri veZvapupu zvaJehovha vaigara vachishanyira vamwe vakadzi vechidiki vataigara navo. Rimwe zuva ndakaendawo kunogara pavakanga vachikurukura ndichida kuvaratidza kuti zvavaidzidzisa ndezvekunyepa. Asi vakanyatsopindura mibvunzo yangu yose vakadzikama vachishandisa Bhaibheri. Ndakayemura unhu hwaivo hwakanaka. Saka ndakabvuma kuti vazondidzidzisa Bhaibheri.

Pane zvandakadzidza muBhaibheri zvakabva zvachinja upenyu hwangu. Kubva ndichiri mudiki, ndaitya kufa. Asi ndakazooka zvinodzidziswa naJesu nezverumuko. (Johani 5:28, 29) Ndakadzidzawo kuti Mwari anondida. (1 Petro 5:7) Mashoko akandibata ndeari pana Jeremiya 29:11 anoti: “‘Nokuti ndinonyatsoziva pfungwa dzandiri kukufungirai,’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘pfungwa dzorugare, kwete dzedambudziko, kuti ndikupei nguva yemberi netariro.’” Ndakatanga kuona kuti ndinokwanisawo kuzorarama nokusingaperi muParadhiso pano panyika.—Pisarema 37:29.

Zvapupu zvaJehovha zvakanyatsondiratidza rudo. Musi wandakatanga kuenda kumisangano yavo ndakagamuchirwa zvakanaka, zvekuti ndainyatsonzwa ndakasununguka! (Johani 13:34, 35) Zvanga zvakasiyana nekure chaizvo nezvaiitika kuchechi kwandakamboenda. Zvapupu zvakandigamuchira pasinei nezvandaiva. Vaiva nehanya neni, vainditerera pandaitaura uye vaindibatsira pane zvimwevo zvandaida pakurarama. Ndainyatsonzwa kuti ndiri mumhuri yakakura, ine rudo.

Zvandaidzidza muBhaibheri zvakaita kuti ndione kuti ndinofanira kuchinja mararamiro angu kuti ndifadze Mwari. Zvakanga zvisiri nyore kusiya fodya. Ndakaonawo kuti pane nziyo dzandaiteerera dzaiita kuti ndinzwe ndichida kusvuta mbanje, saka ndakabva ndasiyana nenziyo idzodzo. Nda-

kasiyawo zvekuenda kumapati nemanightclub nekuti zvaindiisa pamuedzo wekudhakwa. Ndakabva ndatsvaga shamwari itsva dzaizondikurudzira kuita zvinhu zvakanaka.—Zvirevo 13:20.

Panguva iyi, Tony akanga achidzidzawo Bhaibheri neZvapupu zvaJehovha. Mibvunzo yake yakapindurwa pachishandiswa Bhaibheri, zvikaite kuti aone kuti aidzidziswa chokwadi. Akarega kuita zvechitsotsi, kusvuta mbanje uye kutamba neshamwari dzaida zvekurwa. Kuti tinyatsofadza Jehovha, takaona kuti taifanira kusiya upenyu hwaka-

“Handichashayi hope nekufunga nezveramangwana kana kutya kufa”

shata hwatairarama, toita kuti mwana wedu akure mumhuri ine vanhu vane tsika dzakanaka. Takazoororana muna 1982.

Ndichiri kuyeuka ndichitsvaka nyaya dzaiva muNharireyomurindi nemuMukai!\* dzaitaura nezvevanhu vaimbenge vakaitawo seni asi vakazokwanisa kuchinja. Zvavakaita zvakanzikurudzira! Zvakandipa simba rekuti ndisadzokera kumashure. Ndakaramba ndichinyengetera kuna Jehovha kuti arambe achindibatsira. Ini naTony takazobhabhatidzwa kuva Zvapupu zvaJehovha muna July 1982.

## KUBATSIRWA KWANDAKAITWA

Kuswederwa pedyo naJehovha Mwari kwakandiponesa. Ini naTony takaona Jehovha achititsigira zvinhu pazvaitioma. Izvi zvakatibatsira kuvimba naMwari uye tinoona kuti nanhasi achiri kutibatsira uye ari kutitsigira.—Pisarema 55:22.

Ndinofara kuti ndakabatsira vana vedu vaviri kuti vazivewo Jehovha. Iye zvino ndiri kufara kuonawo vana vavo vachishumira Jehovha.

Handichashayi hope nekufunga nezveramangwana kana kutya kufa. Ini naTony tinogara tichishanyira unganano dzeZvapupu zvaJehovha vhiki nevhiki tichidzikurudzira. Tinoendawo navo kunodzidzisa vamwe kuti vatende muna Jesu vazowanawo upenyu husingaperi. ■

\* Mukai! inobudiswawo neZvapupu zvaJehovha.

# “Akanga Anyatsofadza Mwari”



INOKI akanga ararama kwemakore akawanda. Zvingatiomera kubvuma kuti murume uyu akararama makore 365. Kana tikazvienzanisa nemazuva ano, akararama upenyu hunopfuura hwezvizvarwa 4! Asi kana tikazvienzanisa nemakore airarama vanhu kare ikako, Inoki ainge asina kuchembera. Iye zvino patopfuura makore 5 000, uye kare ikako vanhu vararama kwenguva yakareba. Adhamu akanga atova nemakore anopfuura 600 pakaberekwa Inoki, uye Adhamu akazoraramazve mamwe makore 300! Vamwe vana vaAdhamu vakatorarama makore aipfuura ipapo. Saka Inoki paakasvitsa makore 365 anogona kunge aiva achakasimba, achitarisira kurarama mamwe makore akawanda. Asi haana kuzomboenda kure.

Inoki akanga abatira ura mumaoko. Ita seuri kumuona achitiza, mupfungwa dzake ari kuona kushatirwa kwevanhu vainge achangobva kuudza mashoko aMwari. Vanhu ivavo vaimuvenga. Havana kufarira zvavakaudzwa uye vaivenga Mwari ainge amutuma. Hapana zvavaikwanisa kuita Jehovha, Mwari waInoki, asi munhu wavaikwanisa kurwisa, ndiInoki! Zvimwe Inoki ainetseka kuti aizoonazve mhuri yake here. Aifunga nezvemudzimai wake nevanasikana vake here kana kuti nezvemwanakomana wake Metusera kana muzukuru wake Rameki? (Genesisi 5:21-23, 25) Aizoona here?

Bhaibheri haritauri zvakanwanda nezvaInoki. Panongova nendima shomanana chete dzinotaura nezvake. (Genesisi 5:21-24; VaHebheru 11:5; Judha 14, 15) Kunyange dziri shoma, dzinotiratidza kuti murume uyu aiva nekutenda kukuru. Une mhuri

yaunoriritira here? Wakamboomerwa here nekuita zvinhu zvaunoziva kuti ndizvo zvakanaka? Unogona kudzidza zvakanwanda kubva pakutenda kwaInoki.

## “INOKI AKARAMBA ACHIFAMBA NAMWARI WECHOKWADI”

Makore akararama Inoki, zvinhu zvakanwanda zva-wedzera kuipa. Inoki aiva wechizvarwa chechi7 kubva kuna Adhamu. Panguva iyoyo vanhu vairarama kwenguva refu, nekuti chivi chavakawana kuna Adhamu naEvha chakanga chisati chadzika midzi. Asi tsika dzavo dzakanga dzaora uye vasisanamati Mwari. Kwese kwese vanhu vakanga vava kungorwisana. Izvi zvakatangana naKaini aiva wechizvarwa chechipiri, paakauraya munin’ina wake Abheri. Mumwe wevazukuru vaKaini anofanira kunge aitozvikuudza neutsinye hwaakaita kudarika hwaKaini! Pachizvarwa chechitatu, zvinhu zvakatowedzera kuipa. Vanhu vakatangana kudana zita raJehovha, asi kwete nechinangwa chekumunamata. Zviri pache-na kuti vaishandisa zita dzvene raMwari vachirizvidza panzvimbo pekuti variremekedze.—Genesisi 4: 8, 23-26.

Kunamata kwenhema ikoko kunogona kunge kwakanwanda kwazara panguva yakararama Inoki. Saka pa-aikura, aifanira kusarudza zvekuita. Aizobatana nevanhu ivavo here, kana kuti aizotsvaka Mwari wechokwadi, Jehovha, Musiki wedenga nyenika? Paakanzwa kuti Abheri ainge aurayiwa nemhaka yekushumira Jehovha, zvinofanira kunge zvakanwanda dzirawo kuti atange kunamata Jehovha. Genesisi 5: 22 inotiudza kuti: “Inoki akaramba achifamba na-

Mwari wechokwadi.” Mashoko aya anyonyatsorati-dza kuti Inoki ainamata Jehovha kunyange zvezvo airarama pakati pevanhu vakanga vakaipa. Ndiye wekutanga kutsanangurwa saizvozvo muBhaibheri.

Vhesi imwe chete iyoyo inoti Inoki akaramba achifamba naJehovha kunyange pashure pekubereka Metusera. Inoki paakanga ava nemakore anenge 65 ndipo paakabereka Metusera. Mudzimai wake haataurwi nezvake muMagwaro, uye “vanakomana nevanasikana” vaInoki havataurwi kuti vaiva vanngani. Kuti baba vafambe naMwari vachirera mhuri yavo, vanofanira kuedza kuitungamirira maerera-no nezvinodiwa naMwari. Inoki aiziva kuti aifanira kuramba akavimbika kumudzimai wake nokuti ndizvo zvaidiwa naJehovha. (Genesisi 2:24) Uye akaita zvose zvaaigna kuti adzidzise vana vake nezva-Jehovha Mwari. Zvakabatsira here?

Bhaibheri haritauri haro zvakawanda nezvazvo. Haritauri nezvekutenda kwemwanakomana wake Metusera, uyo akararama kwemakore akawanda kupfuura vanhu vose vanotaurwa muBhaibheri, kusvika azofa mugore rakauya Mafashamo. Metusera akabereka mwanakomana ainzi Rameki. Rameki akararama makore anopfuura 100 Inoki achiri mupenyu. Rameki aiva nekutenda kwakasimba. Jehovha akaita kuti Rameki ataure uprofitu hwaiva nechekuita nemwana wake Noa, uye uprofitu ihwohwo hwakazadzika pashure peMafashamo. Noa akanziwo aiva murume aifamba naMwari sezvakaita sekuru vake Inoki. Noa haana kumbobvira aonana na-Inoki. Asi zvakanaka zvakaitwa naInoki hazvikanganwiki. Baba vake Rameki kana kuti sekuru vake Metusera ndivo vanogona kunge vakamuudza nezveupenyu hwaInoki. Mumwe anogona kunge akamuudza ndiJaredhi baba vaInoki, avo vakafa Noa paaiva nemakore 366.—Genesisi 5:25-29; 6:9; 9:1.


Funga nezvemusiyano uri pakati paInoki naAdhamu. Adhamu akasikwa asina chivi, asi akatadzira Jehovha achibva apinza vana vake mumatambudziko uye zvaakaita zvakaita kuti vana vake vazodawo kupandukira Mwari. Inoki aiva nechivi, asi akafamba naMwari uye akasiyira vana vake muenzaniso wakanaka wekutenda. Adhamu akazofa Inoki ava nemakore 308. Kutadza kwakaitwa naAdhamu kunoratidza kuti aingofunga zvakamunakira. Saka pa-

akazofa, mhuri yake yakamuchema here? Hatizivi. Chatinoziva ndechokuti Inoki “akaramba achifamba naMwari wechokwadi.”—Genesisi 5:24.

Kana uine mhuri, tarisa uone zvaungadzidza kubva pakutenda kwaInoki. Kunyange zvezvo zvakakosha kuti uriritire mhuri yako, chinotonyanya kukosha kuitungamirira pakunamata. (1 Timoti 5:8) Zvaunotaura uye zvaunoita ndizvo zvinoratidza kuti uri kuitungamirira pakunamata. Kana ukasarudza kufamba naMwari uchibvuma kutungamirirwa naye sezvakaitwa naInoki, uchaita kuti mhuri yako isafa yakakukanganwa uye icharamba ichida kukutevedzera.

### **INOKI “AKAPROFITAWO PAMUSORO PAVO”**

Sezvo vanhu vairarama panguva yaInoki vakanga vasina kutenda, Inoki anogona kunge aizviona sezambiringa munyemba. Asi Mwari wake Jehovha aimuona here? Ehe. Rimwe zuva, Jehovha akataura nemushumiri wake akavimbika. Akamupa



Inoki haana kutya kutaura shoko raMwari kuvanhu vaityisa

mashoko ekuti audze vanhu. Akabva aita kuti Inoki ave muprofitwa wake wekutanga kutaurwa muBhaibheri. Chinoita kuti tidaro ndechokuti Mwari akaita kuti Judha munin'ina waJesu anyore mashoko euprofitwa akanga ataurwa kare kare naInoki.\*

Inoki akaprofitwa kuti kudii? Akati: “Tarirai! Jehovha akauya nemakumi ake ezviuru zvengirozi tsvene, kuti atonge vose, uye kuti ape mhosva vose vasingadi Mwari pamusoro pemabasa avo ose okusada Mwari avakaita nenzira yokusada Mwari, uye pamusoro pezvinhu zvose zvinoshamisa kwazvo zvakataurwa pamusoro pake nevatadzi vasingadi Mwari.” (Judha 14, 15) Waona here kuti Inoki ari kutaura sekunge kuti zvinhu zvacho zvakatoitika? Ndiwo manyorerwo akaitwa uprofitwa hwakawanda hwakazotevera. Sei hwainyorwa saizvozvo? Muprofitwa aitaura zvinhu sekunge kuti zvakatoitika nemhaka yekuti zvinhu zvaaitaura zvaitoti zviitike chete!—Isaya 46:10.

Unofunga kuti Inoki ainzwa sei paaiudza vanhu mashoko aya? Akadzokorora ka4 mashoko ane simba airatidza kuti vanhu ava vakanga vasingadi Mwari. Mashoko acho ainyatsofumura mabasa akapava. Uprofitwa hwacho hwairatidza kuti zvinhu zvavakanga vava kuita kubva pakadzingwa Adhamu muEdheni zvakanga zvanyanya kuipa. Jehovha aizoparadza vanhu ivavo paazouya nemauro “engirozi tsvene.” Inoki haana kutya kuvaudza izvozvo uye akazviita ari oga! Rameki akanga achiri mudiki uye zvimwe aishamiswa neushingi hwaiva nasekuru vake. Kana zviri izvo zvakaitika, hazvingambotishamisi.

\* Dzimwe nyanzvi dzeBhaibheri dzinoti zvakanyorwa naJudha akazviwana mu bhuku reapokirifa rinonzi *Book of Enoch*. Bhuku iri rizere negano uye harizivikanwi kuti rakabvepi uye vamwe vanonyepa vachiti rakanyorwa naInoki. Mashoko euprofitwa aInoki arimo ndechokwadi asi hatizivi kuti akaita zvekukopwa here kana kuti wacho akaanyora akaita zvekuudza nevamwe. Judha anogona kunge akakopawo kana kuti akauudza nevamwe nezvaInoki. Anogonawo kunge akauudza naJesu sezvo Jesu akanga ari kudenga achiona zvaaitika muupenyu hwaInoki.


Kutenda kwaInoki kunogona kuita kuti mumwe nemumwe wedu azvibvunze kuti maonero aanoita zviri kuitika munyika akafanana here neaMwari. Shoko raiparadzwa naInoki rokuti vanhu vakaipa vachaparadzwa richiri kushandawo nanhasi. Jehovha akaita zvaakanga audza Inoki, achibva ashandisa Mafashamo kuparadza vanhu vakaipa vemunguva yaNoa. Mwari achaparadzazve vanhu vakaipa uye kuparadza kwacho kuchange kwakakura kudarika zvaakaita mumazuva aNoa. (Mateu 24:38, 39; 2 Petro 2:4-6) Sezvaakaita kare ikako, iye zvino Mwari nengirozi dzake vakamirira nguva yekuti vaparadze vanhu vakaipa. Mumwe nemumwe wedu anofanira kuteerera zvaitaurwa naInoki, ozviudza wo vamwe. Hama neshamwari dzinogona kusatifarira, tobva tatanga kuzviona sezambiringa munyemba. Asi Jehovha haana kumbosiya Inoki uye haasi kuzombosiya vashumiri vake vakavimbika!

### “AKATAMISWA KUTI ASAONA RUFU”

Inoki akazofa sei? Mafiro ake haanzwisiki uye anoshamisa. Muna Genesisi tinongoudzwa kuti: “Inoki akaramba achifamba naMwari wechokwadi. Haana kuzovapo, nokuti Mwari akamutora.” (Genesisi 5:24) Zvinorevei kuti Mwari akamutora? Muapostora Pauro akazovitsanangura achiti: “Nokutenda Inoki akatamiswa kuti asaona rufu, uye haana kuzomboonekwa nokuti Mwari akanga amutamisa; nokuti asati atamiswa akapupurirwa kuti akanga anyatsofadza Mwari.” (VaHebheru 11:5) Pauro airevei paakati Inoki “akatamiswa kuti asaona rufu”? Mamwe maBhaibheri anoti Inoki akaenda kudenga. Asi handizvo, nekuti Bhaibheri rinoratidza kuti munhu wekutanga akamutswa kubva kuvakafa achibva aenda kudenga ndiJesu Kristu.—Johani 3:13.

Saka zvinorevei kuti Inoki “akatamiswa kuti asaona rufu”? Zvimwe Jehovha akaita kuti Inoki afe rufu rwusingarwadzi, panzvimbo pekumusiyi achiurayiwa zveutsinye nevavengi vake. Asi Inoki asati afa,

## VAKARARAMA PANGUVA IMWE CHETE (B.C.E.)



Inoki anogona kunge aida kuurayiwa zveutsinye Jehovha paakamutora



“akapupurirwa kuti akanga anyatsofadza Mwari.” Zvakaitika sei? Nguva pfupi Inoki asati afa, Mwari anogona kunge akamuonesa nyika yava paradhiso. Izvozvo zvairatidza kuti Mwari aimufarira uye Inoki akabva azorora. Muapostora Pauro paainyora nezvaInoki uye varume nevakadzi vakavimbika akati: “Ivava vose vakafa vachitenda.” (VaHebheru 11:13) Vavengi vake vanogona kunge vakatsvaga chitunha chake, asi ‘hachina kuzomboonekwa,’ zvimwe ne kuti Jehovha akaita kuti chinyangarike kuti vasaita zvavanoda nacho kana kuti vasachishandisa pakunamata kwenhema.\*

Tichifunga zvataurwa izvi zvinobva muMagwaro, ngatichifungidzirai kuti Inoki anogona kunge akafa sei, asi ngatizivei kuti anogona kunge ainewo mamwe mafiro aakaita. Inoki akanga achitiza uye akanga ava kufemera pamusoro. Akanga achidingirirwa nevanhu vaimutambudza uye vakanga vachipupa nehasha nemhaka yeshoko raaiparidza. Inoki akawana pekumbohwanda achibva amboti zoro-rei, asi aiziva kuti vachapedzisira vamubata chete. Ainge atarisana nerufu rwunorwadza. Paanga akazorora, akanyengetera kuna Mwari wake. Akabva anzwa kakugadzikana. Zvaakaoneswa naMwari zvakaita kuti ambokanganwa zvanga zvichiitika, achibva atozviona ava muparadhiso.

Fungidzira achiona nyika yakasiyana nekure neya-

\* Ichi chinogona kunge chiricho chikonzero chakaitawo kuti Mwari anyangarise chitunha chaMosesi nechaJesu.—Dheuteronomio 34:5, 6; Ruka 24:3-6; Judha 9.

akanga ajaira. Yainge yakanaka semunda weEdheni, asi pakanga pasina makerubhi aichengetedza nzvimbo iyi kuti vanhu vasapinda. Maiva muzere varume nevakadzi vakanga vaine utano uye vachiratidza kuti vachiri kuzvinzwa. Vose vaigarisana zvakana-ka. Makanga musina zvinhu zvaakanga ajaira kuona zvakadai sekuvengana kana kuti kutambudzwa nenyaya yekuti uri munamati waJehovha. Inoki akanyatsoona kuti Jehovha aimuda uye aifarira zvaakanga achiita. Akanyatsoona kuti nzvimbo iyi ndiyo yainyatsoenderana naye; uye kuti rimwe zuva aizoi-gara. Inoki zvaairamba achiwedzera kugadzikana, akabva atsinzina achibva abatwa nehope, ndiye sarai.

Nanhasi achakafa, uye Jehovha Mwari achiri kumuyeuka! Sekuvimbisa kwakazoita Jesu, pachasvika zuva rekuti vose vanoyeukwa naMwari vachanzwa inzwi raKristu, vomuka kubva kumakuva, voo-na nyika itsva yakanaka ine vanhu vanogarisana zvakana-ka.—Johani 5:28, 29.

Unodawo here kuzorarama munyika iyoyo? Fungidzira kufara kwauchaita pauchaona Inoki. Funga zvinhu zvatisingazivi zvaachazotiudza! Achazotiudza kuti zvataifungidzira kuti ndizvo zvakaitika pakanga ava kufa ndizvo here. Asi pane chimwe chinhu chatinofanira kudzidza kwaari iye zvino. Paakapedza kutaura nezvaInoki, Pauro akati: ‘Pasina kutenda hazvibviri kunyatsofadza Mwari.’ (VaHebheru 11:6) Izvi zvinoita kuti tide kutevedzera kutenda kwakasimba kwaiva naInoki! ■

# ZVAKAKOSHEREI KUTI UZIVE CHOKWADI?

Kamwe kasikana kakaona utsi hwaipwititika kubva mufekitori huchinoita semakore mudenga. Kakabva kafunga kuti fekitori iyi inogadzira makore. Kasikana aka kakatadza kunzwisisa kunobva makore, uye izvi zvinogona kusetsa. Asi kumwe kutadza kunzwisisa kunogona kutoisa upenyu hwedu pangosi. Semuenzaniso, kana ukatadza kunzwisisa zvinenge zvakanyorwa pabhodhoro remushonga, unogona kuzvikuvadza.

Kutatadza kunzwisisa zvinotaurwa muBhaibheri kune ngozi yakatokura kudarika zvimwe zvese. Semuenzaniso, vamwe vanhu havana kunzwisisa dzidziso dzaJesu. (Johani 6:48-68) Pane kuti vazidzise kuna Jesu, vakaramba zvose zvaaidzidzisa. Vakatabvisa mukana!

Unoverenga Bhaibheri kuti rikutungamirire muupenyu hwako here? Kana uchiriverenga, uri kuita zvakanaka. Asi zvinogona kuitika here kuti unogona kutadza kunzwisisa zvimwe zvaunenge waverenga? Izvi zvinoitika kune vakawanda. Chimboona nyaya 3 dzisingawanzonzwisiswa nevamwe.

► Vamwe vanhu havanzwisisi zvinorehwa neBhaibheri parinoti “itya Mwari wechokwadi.” Vanofunga kuti kutya kunenge kuchirehwa kutya kuzorangwa. (Muparidzi 12:13) Asi Mwari haadi kuti vaya vanomunamata vamutye nenzira iyi. Anoti: “Usatya, nokuti ndinewe. Usatarira-tarira, nokuti ndiri Mwari wako. Ndichakusimbisa. Chokwadi ndichakubatsira.” (Isaya 41:10) Kutya Mwari kunongoreva kumuremekedza zvikuru.

► Vamwe havanzwisisi mashoko akafemerwa naMwari ekuti: “Chimwe nechimwe chine nguva yakatarwa, . . . nguva yokuberekwa nenguva yokufa.” Vanofunga kuti munhu wese ane zuva rake rokufa raakatarirwa naMwari. (Muparidzi 3:1, 2) Asi chokwadi ndechekuti vhesi iyi inenge ichingo-

taura zvinoitika pakurarama, uye kuti munhu wese anoguma afa. Shoko raMwari rinodzidzisawo kuti zvatinosarudza muupenyu zvinogona kuita kuti tirame kwenguva refu kana kuti pfupi. Semuenzaniso, tinoverenga kuti: “Kutya Jehovha kuchawedzera mazuva.” (Zvirevo 10:27; Pisarema 90:10; Isaya 55:3) Nei tichidaro? Semuenzaniso, kuremekedza Shoko raMwari kunoita kuti tirege zvinhu zvinotikuvadza zvakadai seudhakwa uye unzenza.—1 VaKorinde 6:9, 10.

► Vamwe vanofunga kuti Bhaibheri parinoti matenga nyenika “zvachengererwa moto” rine nge richireva kuti Mwari achatoparadza pasi rino. (2 Petro 3:7) Asi Mwari anotivimbisa kuti haasi kuzomboparadza pasi rino. Mwari “akavaka nheyo dzenyika panzvimbo dzayo dzisingachinji; hazozununguswi nokusingagumi, kana kuti nokusingaperi.” (Pisarema 104:5; Isaya 45:18) Vanhu vakaipa nezvose zvakaipa zvavari kuita ndizvo zvichaparadzwa, zvoita sekunge kuti zvaparadzwa nemoto nekuti hazvizovikozve. Asi panenge pachitaurwa nezvematenga chaiwo dzimwe nguva chinenge chichirehwa idenga ratinoona rizere nenyeredzi kana kuti kudenga kunogara Mwari. Hapana chichaparadzwa pazviviri izvi yaanogara.

## **NEI DZIMWE NGUVA VANHU VACHITADZA KUNZWISISA BHABHERI?**

Sezvawaona mumienzaniso iyi, vanhu vanowanotadza kunzwisisa mavhesi avanoverenga muBhaibheri. Asi nei Mwari achisiya izvozvo zvi-chiitika? Vamwe vangafunga kuti: ‘Kana Mwari akachenjera uye ariye anoziva zvose, angadai akanyora bhuku rekuti munhu wose anokwanisa kunyatsonzwisisa. Nei asina kudaro?’ Ona zvikonzero zvitatu zvinowanozoita kuti vanhu vasanzwisisa Bhaibheri.

**1. Bhaibheri rakanyorwa nenzira yekuti rinzwiswe nevanhu vanozvinipisa uye vanoda kudzidza.** Jesu akati kuna Baba vake: “Ndinokurumbidzai pachena, Baba, Ishe wokudenga nenyika, nokuti makanyatsovanzira vakachenjera nevakangwara zvinhu izvi, mukazvizarurira vacheche.” (Ruka 10:21) Bhaibheri rakanyorwa nenzira yekuti vaya chete vanoda kudzidza varinzwisise. Vaya vanozvikudza, sezvinowanzoita “vakachenjera nevakangwara,” vanowanotadza kunzwisisa Bhaibheri. Asi vanhu vanozvinipisa uye vanoda kudzidza sezvinoita vana vadiki, vanonzwisisa mashoko aMwari. Mwari akanyora Bhaibheri neunyanzvi!

**2. Bhaibheri rakanyorerwa vanhu vanoda kubatsirwa naMwari kuti varinzwisise.** Jesu akataura kuti vanhu vaizofanira kuwana rubatsiro kuti vanzwisise zvaaidzidzisa. Vaizoruwana sei? Jesu akati: ‘Mubatsiri, iwo mweya mutsvene, uchatumirwa naBaba muzita rangu, iwoyo uchakudzidzisa zvinhu zvose.’ (Johani 14:26) Saka Mwari anopa vanhu mweya mutsvene, kureva simba rake, kuti avabatsire vanzwisise zvavanoverenga muBhaibheri. Asi haapi mweya mutsvene kuvanhu vasingavimbi nerubatsiro runobva kwari, saka vanhu vakadaro vanowanooona sekuti Bhaibheri harinzwisisiki. Mweya mutsvene unoitawo kuti vaKristu vane ruzivo vabatsire vamwe vanoda kunzwisisa Bhaibheri.—Mabasa 8: 26-35.

**3. Mamwe mavhesi emuBhaibheri anonzwiswira nevanhu kana nguva yekuti anzwisise yasvika.** Semuenzaniso, muprofiti Dhani-eri akaudzwa kuti anyore zvinhu zvaizoitika mune ramangwana. Ngirozi yakamuudza kuti: “Dhani-eri, vanza mashoko acho uname bhuku racho, kusvikira kunguva yokuguma.” Kwemazana emakore, vanhu vakawanda vakaedza kuverenga bhu-

ku raDhanieri, asi vasingarinzwisisi. Uye Dhanieri wacho pachake haana kutonzwisisa zvaainyora. Akaratidza kuzvinipisa paakataura kuti: “Ndakazvinzwa, asi handina kuzvinzwisisa.” Pakupedzisira, kana nguva yaMwari yakwana, vanhu vaizonzwisisa uprofiti hwaMwari hwakanyorwa naDhanieri. Ngirozi yacho yakati: “Enda, Dhanieri, nokuti mashoko acho akavanzwa uye akanamwa kusvikira kunguva yokuguma.” Ndiani achanzwisisa mashoko aMwari? “Hapana kana vakaipa vachanzwisisa; asi vaya vane njere vachanzwisisa.” (Dhanieri 12:4, 8-10) Saka Mwari ndiye anosarudza nguva yekuti mamwe mavhesi ari muBhaibheri anzwisise.

Zvapupu zvaJehovha zvakambotadza kunzwisisa Bhaibheri nekuti nguva yaMwari yainge isati yakwana here? Hungu. Asi nguva yaMwari payaisvika, Zvapupu zvaibva zvachinjawo manzwisisiro azvinoita Bhaibheri. Saka pavanodaro, vane nge vachitevedzera vaapostora vaKristu, avo vaiti kana vakaruramiswa naJesu, vaizvinipisa, vobva vagadzirisa mafungiro avo.—Mabasa 1:6, 7.

Zvaifungwa nekasikana kaya zvekuti makore anobva kupi kwaingovawo kusanzwisisa kudiki. Asi zvinodzidziswa neBhaibheri zvinhu zvinokosha zvaunofanira kunzwisisa. Mashoko ari muBhaibheri haasi ekuti ungaanzwisisa uri wega, saka unofanira kuwana rubatsiro. Tsvaga vanhu vanodzidza Bhaibheri vachizvinipisa, vanovimba nemweya mutsvene waMwari kuti varinzwisise, uye vanoziva kuti tiri kurarama munguva iyo Mwari anoda kuti tinzwisise Bhaibheri kupfuura kare. Taura neZvapupu zvaJehovha kana kuti verenga nyaya dzakatsvakurudzwa dzavanobudisa pa [website.yejw.org](http://website.yejw.org). Bhaibheri rinovimbisa kuti: “Kana ukachemera kunzwisisa . . . , uchawana zivo pamusoro paMwari.”

—Zvirevo 2:3-5. ■



### Mwari ndiye anokonzera kutambura here?

#### Ungati kudii?

- ▶ Ehe
- ▶ Aiwa
- ▶ Zvimwe

#### Zvinotaurwa neBhaibheri

Mwari wechokwadi haamboiti zvakaipa, uye We-masimbaose haamboiti zvisina kururama!” (Jobho 34:10) Mwari *haambokonzeri* zvinhu zvakaipa kana kuti kutambura kuri kuita vanhu panyika.

#### Ndezvipi zvimwe zvatinodzidza muBhaibheri?

- ▶ Matambudziko akawanda atinosangana na-anokonzera naSatani Dhiyabhorosi, “mutongi wenyika.”—Johani 14:30.
- ▶ Kutambura kwatinoita kunokonzera wawo ne-zvakaipa zvinoitwa nevanhu.—Jakobho 1: 14, 15.

### Kutambura kuchapera here?

#### Vamwe vanoti

vanhu vanokwanisa kupedza matambudziko kana vakaisa misoro pamwe, asi vamwe vanoona sekuti zvinhu zviru kuitika munyika hazvifi zvakachinja. **Unofungei?**

#### Zvinotaurwa neBhaibheri

Mwari achabvisa kutambura panyika. “Rufu haruchazovipo, kana kuchema kana kuridza mhere kana kurwadziwa hazvingazovipozve.”—Zvakazarurwa 21:3, 4.

#### Ndezvipi zvimwe zvatinodzidza muBhaibheri?

- ▶ Mwari achashandisa Jesu kuti abvise kutambura kuri kukonzera naDhiyabhorosi.—1 Johani 3:8.
- ▶ Vanhu vanoita zvakanaka vachararama nekusingaperi murugare pano panyika.—Pisarrema 37:9-11, 29.



Panyika pakazara nematambudziko asi tingati ndiMwari here ari kuakonzera?



Nditumireiwo bhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?*

Kuti uzive kuti nei Mwari achirega vanhu vachitambura, verenga chitsauko 11 chebhuku iri, rakabudiswa neZvapupu zvaJehovha

Rinowanikawo pa [www.jw.org](http://www.jw.org)

MUTAURO \_\_\_\_\_

ZITA \_\_\_\_\_

KERO \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Sarudza kero yaunoda kushandisa papeji 2



Unogona kudhaunirodha magazini ino usingabhadhari

Bhaibheri rinowanika palndaneti mumitauro inopfuura 130

Enda [pawwww.jw.org](http://pawwww.jw.org), kana kuti shandisa qr code iyi

